

SS.7.C.1.1

Rekonèt jan lide Syèk Limyè a enkli opinyon Montesquieu nan separasyon pouvwa ak teyori John Locke ki gen rapò ak lwa natirèl ak ki jan kontra sosyal Locke a te enfliyanse Zansèt Fondatè nou yo.

SS.7.C.1.1 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap evalye enfliyanse lide Montesquieu a ak lide Locke a sou Zansèt Fondatè nou yo.

Zansèt Fondatè nou yo te li lide pansè **Syèk Limyè** yo. Yo gade travay John Locke sou **lwa natirèl** ak **kontra sosyal**, ak travay Baron de Montesquieu sou **separasyon pouvwa yo**.

Locke kwè ke bi gouvènman an se pou pwoteje **libète endividyèl** ak **dwa natirèl** yo nan lavi a, libète ak pwopriyete. Zansèt Fondatè nou yo enkli ide sa yo lè yo te ekri Deklarasyon Endepandans lan. Deklarasyon Endepandans lan deklare ke kolon yo te vle vin yon peyi ki lib, endepandan separe de Angletè.

Montesquieu te wè danje ki genyen nan yon gouvènman ke yon sèl moun ap dirije ki gen tout pouvwa a. Montesquieu te ekri ke pouvwa nan gouvènman an ta dwe divize an lejislatif, egzekitif, ak branch jidisyè. Chak branch ta gen pwòp wòl yo ak responsablite pa yo. Konsèp sa a rele separasyon pouvwa.

James Madison ak lòt Fondatè yo te itilize ide lwa natirèl, kontra sosyal, ak separasyon pouvwa yo, pou yo kreye yon sistèm gouvènman nan Konstitisyon Etazini an. Konstitisyon an kontinye fè kad pou gouvènman Etazini an jouk jodi a.

dwa natirèl - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.

Kontra sosyal - yon akò enplisit nan mitan pèp la de yon sosyete ki òganize ki defini dwa yo, devwa yo, ak limit pou moun kap gouvène a ak gouvènman an

libète chak moun - kapasite yon moun pou l lib ak endepandan

Lalwa natirèl - lwa ke gouvènman an te pase pou pwoteje dwa natirèl

separasyon pouvwa - estrikti gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki mete ansanm twa branch avèk pwòp pouvwa distenk ak responsablite yo

Syèk Limyè - yon peryòd nan istwa Ewopeyen lè anpil moun ki edike te ensiste sou enpòtans pou aprann ak rezonman; edikasyon te konsidere kòm kle pou konpreyansyon ak rezoud pwoblèm sosyete a

Zansèt ki Fonde nou yo - reprezantan ki soti nan chak nan 13 koloni yo, ki te patisipe nan ekri Deklarasyon Endepandans lan ak Konstitisyon Etazini an